



Gid Preparasyon Pou Ijans Mwen



Yon Gid pou moun kap bay swen ak moun ki gen demans

TOUT MOUN TA DWE GEN YON PLAN

Tankou yon moun ki gen sousi pou yon moun li renmen ki gen maladi Alzaymè oswa lòt fòm demans, li enpòtan pou li ede l rete an sante epi san danje lè gen yon ijans. Li enpòtan pou l gen planifikasyon ijans akòz ke dezans yo kapab espesyalman boulvèsan ak kreye konfizyon pou yon moun ki gen demans.

Planifikasyon dijans lan gen ladann l manje, medikaman ak ekipman medikal an plas pou okipe pwòp tèt pa ou ansanm ak moun w ap bay swen an, omwen pou yon peryòd rezonab, lè gen yon dezans ki frape. Pale ak founisè sante pou moun w ap okipe an konsènan founiti espesifik ke w ap bezwen genyen avek ou k ap dire de semèn.

Kilès pou Rele

Kenbe nimewo telefòn pou swen nan kay/konpayi ospis lan tou pre ou nan ka ou ta bezwen èd. Men, si ou ta gen yon vre ijans, rele 9-1-1.

LIS VERIFIKASYON SOU PREPARASYON NAN KA IJANS POU DEMANS

- Kreye yon plan ijans ki reponn a bezwen pou moun ki gen demans, tankou nesosite pou gen yon machè oswa oksijèn pòtab. Kominike plan an ak paran, zanmi ak lòt moun kap bay swen yo. Deziyen yon moun kap bay swen kòm sipò.
- Pare yon twouso atik pou ijans pou kay ou ki pòtab, ki enpèmeyab ak izole, ki gen ladann medikaman ak founiti pou de semèn. Ou dwe kontwòle chak 2 a 3 mwa. Siveye dat ekspirasyon an epitou enkli yon kopi enfòmasyon konplè sou sante pèsonèl ou.
- Konsève kopi dokiman enpòtan yo, tankou papyè, yon lis ki gen medikaman ak dòz medikaman ak enfòmasyon asirans.
- Mete enfòmasyon kontak pou founisè swen sante an yon kote pou jwenn li fasil pou moun ou renmen anpil lan ki souffri ak demans lan.
- Fè rechèch davans epi konsidere anwole moun nan ki gen maladi Alzaymè an nan yon pwogram sekirite, tankou sa yo ki deziyen pou asiste moun sa yo ki separe ak moun kap bay swen yo oswa yon pwogram kap jere kote moun lan sitiye. Kontakte Asosyasyon Alzaymè a nan 1-800-272-3900 oswa ale sou sit entènèt nan www.alz.org.
- Aprann plis sou plan dezans/evakyasyon sou etablisman rezidansyèl lan, si moun ou renmen anpil la ki gen demans la ap viv nan youn. Chèche konnen ki moun ki responsab pou evakyasyon moun nan ka ta gen yon ijans.

RAPÈL SOU SITIYASYON IJANS YO

- Mete fasilman disponib yon foto resan moun ki gen demans la.
- Asire w ke moun ou renmen anpil lan pote yon atik idantifikasyon tankou yon braslè ak ID nan etikèt rad li.
- Mete lòt slip oswa kalson disponib pou plis konvenyans pou granmoun yo (si nesèsè) ak plizyè lòt rad anplis.

PREPARE ANVAN LÈ A RIVE

- Pandan tanpèt ak blakawout, rete okouran sou alèt, avètisman, ak sèvis ijans lokal yo. Konnen plan dijans pou zòn ou an, ki gen ladan wout evakyasyon,abri ak nimewo ijans.
- Si moun ou renmen anpil lan ta bezwen ekipman medikal ki sèvi ak motè elektrik epitou oswa oksijèn, avize konpayi elektrik lan anvan ijans la.
- Kite machin ou an plen ak gaz avèk direksyon pou wout nanabri ki pi pre yo oswa evakyasyon.
- Si ou bezwen evakye – kontakte konpayi pou swen kay ou an/ospis lan touswit. Ba yo enfòmasyon sou plan evakyasyon/ sitabri ou. Pote Medicare w la, Medicaid, ak/oswa kat asirans ou an.

Twous Materyèl pou Ijans

Anplis de sa nan twous materyèl ijans ou, sonje kenbe bagay sa yo sou men pou ijans:



Dlo – yon galon dlo pou chak moun pou chak jou pou omwen twa jou



Manje – omwen yon rezèv manje pou twa jou ki p ap gate



Radyo ki mache ak pil – ak pil anplis



Flach – ak pil anplis



Twous pou premye swen – sonje tcheke dat ekspirasyon ak dat kontni epi mentni yo pou mete yo ajou



Siflèt – pou fè siyal pou jwenn èd



Mask pou pousyè – oswa mayp an koton, pou ede filtre lè kontamine



Fèy Plastik ak Tep an Adezif – pouabri ki-an-plas



Kle oswa pens – pou fèmen sèvis itilite lè sa nesèsè



Zouti pou Ouvri Mamit – ki pou louvri manje nan bwat



Tibebe Fòmil ak Kouchèt – si ou gen yon timoun piti



Kat Lokal – ki gen ladan yon kat jeyografik zòn ou an ak yon kat jeyografik kote ou fè plan pou ale si w ap evakye

Bezwen Espesyal

Anpil moun ki gen andikap oswa bezwen espesyal gen plis difikilte pou prepare yo epi fè fas ak ijans. Rankontre fanmi, zanmi ak vwazen yo pou diskite bezwen w yo lè gen yon ijans epi pa bliye planifye davans pou sipò ke w ap bezwen.

Si w ap viv nan kay epi ou gen bezwen espesyal, pa bliye anrejistre avèk depatman Ajans Jesyon Ijans lan, depatman ponpye lokal la ak konpayi elektrisite a.

Pou Plis Enfòmasyon ak Resous

Pou plis enfòmasyon ak resous, ou ka vizite sit entènèt sa yo.

<http://preparedness.dhmh.maryland.gov> ak www.facebook.com/MarylandOPR

www.mema.maryland.gov

www.mncha.org/emergency-preparedness

<http://alz.org/care/alzheimers-dementia-disaster-preparedness.asp>

www.alz.org/safety



Founi an kolaborasyon pa Depatman Sante ak Biwo Ijyèn Mantal pou Preparasyon ak Repons ak Asosyasyon Swen Lakay Maryland-National Capital ansanm avèk Asosiyasyon Alzaymè Gran Chapit nan Maryland lan

EKRI NON AK NIMEWO TELEFÒN
MEZON SWEN AN/KONPAYI OSPIS
LA NAN BWAT SA A.